

Konsantman Jeneral Pasyan

Non Pasyan: _____

Dat Nesans: _____

Pou ede nou kolekte enfòmasyon ki nesesè pou ba w swen ak pou pèmèt ou konprann demann nou an, tanpri li ak anpil atansyon chak grenn seksyon ki anba yo. Li enpòtan pou w konprann enfòmasyon ki bay yo. Pou nenpòt kesyon ou genyen pa ezite mande nou èd. Si w pa dakò ak youn nan pwèn ki mansyone anba yo, bare seksyon sa epi mete inisyal ou ak dat la bò kote l.

KONSANTMAN POU TRETMAN MEDIKAL: Mwen aksepte pou m otorize founisè sa antreprann pwosedi pou dyagnostik yon pwoblèm medikal, bay swen medikal ak bay tretman ak/oswa tretman an ijans founisè m nan rekòmande ki nesesè yo. Mwen konsyan founisè a (yo) ki ap okipe m lan ap dirije swen m ap resevwa yo e gen responsab pou di m ki kalite swen ak tretman m ap gen pou m resevwa. M pa t jwenn okenn pwomès pou sa ki konsène rezilta egzamen oswa tretman mwen te resevwa yo. Mwen konprann etidyan ak asistan klinisyen yo nan domèn medikal la, anba sipèvizyon apwopriye, ka siveye oubyen ede ak swen m yo; sepandan, mwen gen dwa refize tretman sa yo nenpòt ki lè.

KONSANTMAN POU PRAN AN CHAJ KOWÒDINASYON SWEN YO PA ÒGANIZASYON

KOMINOTÈ YO:

Mwen aksepte otorize òganizasyon sa kowòdone swen m yo ak òganizasyon kominotè (Community Based Organizations, CBOs) ki bay sèvis nan tout kominote a ki ka reponn ak bezwen m yo pou sa ki konsène swen sante m yo. Mwen konsyan nan sèten ka, mwen ka bezwen sèvis sosyal sa yo nan kad tretman ak swen m yo. Mwen gen dwa refize kowòdinasyon sèvis sosyal yo nenpòt ki lè.

ASIYASYON AVANTAJ YO:

Mwen deziyen ak otorize pèman dirèk a òganizasyon founisè sa ak lòt founisè ki ban m sèvis yo, oubyen tout lòt avantaj, ki gen ladan tout avantaj asirans medikal oswa lòt avantaj asirans, ki t ap otreman peye m a pati yon òganizasyon ekstèn. Mwen otorize klinik la pran kontak epi kominike ak òganizasyon ekstèn sa nan plas mwen epi enfòm l sou asiyasyon sa.

PÈMAN SÈVIS YO:

Mwen konprann mwen finansyèman responsab pou dediktib asirans yo, ko-asirans lan, frè ki endike nan kritè kouvèti asirans oswa plan m nan, osinon si yo peye m epi klinik la pa resevwa pèman. Nan ka m ta resevwa avantaj yo dirèkteman, mwen t ap ranbouse klinik la avantaj sa yo imedyatman. Nan ka kote m pa ka peye, mwen dakò pou m peye tout frè rekouvremman yo, ansanm ak frè ki apwopriye pou avoka ki ka dekoule de sitiyasyon sa.

Konsantman Jeneral Pasyan

Non Pasyan: _____

Dat Nesans: _____

KONTWÒL DOSYE SWEN SANTE YO:

Mwen konprann si mwen bezwen konsilte oswa jwenn yon kopi dosye medikal mwen yo, mwen ka ranpli yon fòmilè demann aksè ki disponib nan kote sa. Fòmilè sa ap pèmèt, mwen oswa yon lòt moun mwen otorize, jwenn dosye medikal mwen yo.

OTORIZASYON POU DIVILGE ENFÒMASYON MEDIKAL YO:

Mwen konprann enfòmasyon pèsònèl sante m yo ka itilize oswa devwale pou pèmèt tretman, pèman ak operasyon yo jan sa dekri nan Avi Pratik Konfidansyalite mwen te resevwa a.

KONSANTMAN POU JWENN YON ISTORIK PRESKRIPSYON EKSTÈN:

Mwen konprann epi otorize òganizasyon founisè sa jwenn istorik preskripsyon ekstèn nan men nenpò famasi oswa ajans kontwòl medikaman pou bezwen swen medikal mwen yo. Mwen konprann tout enfòmasyon ki jwenn nan men famasi pap konstitiye yon kontrent a tretman, pèman, enskripsyon oswa elijibilite m pou avantaj dapre akò m nan oswa refi pou m bay apwobasyon sa.

KONSANTMAN POU APÈL TELEFÒNIK (enkli Telefòn Selilè), IMÈL, AK TÈKS: Mwen konprann lè mwen bay yon nimewo telefòn oswa yon adrès imèl, mwen bay òganizasyon founisè a pèmision pou kontakte mwen (enkli apèl ki gen otodyalizasyon ak mesaj ki anrejistre alavans). Mwen konprann mwen ka resevwa apèl, imèl ak komunikasyon mesaj tèks konsènan sèvis oswa aktivite ki fèt sou non òganizasyon founisè a atravè afilye òganizasyon an, ajan, ak kontraktè endepandan yo. Mwen konprann tou mwen ka mande pou yo pa kontakte mwen. Si sa aplikab, chaj done ak tarif konpayi selilè mwen an ka aplike.

DIREKTIV ALAVANS:

Mwen rekonèt mwen te resevwa, oswa te gen okazyon resevwa, enfòmasyon konsènan Direktiv Alavans yo, ak tou enfòmasyon sou kijan pou trete Direktiv Alavans mwen an.

AVI SOU PRATIK KONFIDANSYALITE:

Mwen rekonèt mwen resevwa, oswa te gen okazyon pou resevwa, avi sou Pratik Konfidansyalite òganizasyon sa. Avi sa dekri kijan yo itilize ak pataje enfòmasyon konsènan sante m yo. Mwen konprann òganizasyon sa gen dwa pou chanje Avi sa nenpòt kilè e si yon chanjman fèt, m ap resevwa yon nouvo Avi. Mwen ka genyen yon kopi aktyalize si m kontakte òganizasyon founisè sa.

ENFÒMASYON KONFIDANSYÈL:

Mwen konprann kalite enfòmasyon ki ka kominike nan kad akò sa, a kondisyon mwen gen eksepsyon pa ekri, ka gen ladan dosye tretman pou tout sèvis sante mantal mwen resevwa, Sendwòm Defisyans Iminite (SIDA), Viris Defisyans Imen (VIH), twoub devlopman, alkolis oswa toksikomani panda peryòd tretman ak swen m lan. Yon fòmilè pou mande reskripsyon sou kalite enfòmasyon sa disponib nan kote sa.

Konsantman Jeneral Pasyan

Non Pasyan: _____

Dat Nesans: _____

DIVILGASYON REGILYE ENFÒMASYON W YO, JAN SA MANSYONE NAN AVI KONFIDANSYALITE W LA, KA GEN LADAN:

• **PÈMAN**

Mwen otorize divilgasyon dosye medikal mwen an ak òganizasyon ekstèn tankou Medicare ak Medicaid oswa lòt sous finansman ki egzije enfòmasyon sa kòm kondisyon pou peye frè klinik yo.

• **DEDOMAJMAN TRAVAYÈ**

Si m ap resevwa swen pou yon blese oswa maladi ki lye ak travay mwen, mwen otorize kominikasyon enfòmasyon konsènan sante m yo ak anplwayè m nan, konpayi asirans aksidan travay yo oswa reprezantan yo, pou gen ladan l kopi dosye medikal ki lye ak blese oswa maladi m ap mande konpansasyon pou li an.

• **SWEN AK TRETMAN**

Mwen otorize divilgasyon enfòmasyon konsènan eta sante m (aloral oswa a lekri) a founisè swen prensipal mwen an oswa nenpòt espesyalis founisè swen prensipal mwen an refere m nan sousi pou kontinye ban m swen.

• **POU PÈMAN ASIRANS**

Si mwen se yon manm nan plan asirans maladi, ki mande apwobasyon pou pèman swen ak tretman medikal mwen yo, enfòmasyon ki divilge sou mwen yo dwe tou gen ladan dyagnostik ak plan tretman ak deskripsyon sitiasyon m lan. Enfòmasyon yo ka kominike aloral oswa alekri pou ka detèmine nesesite pou swen medikal siplemantè.

• **RAPÒ OBLIGATWA:**

Mwen konprann lalwa obligè founisè sa rapòte enfòmasyon ki gen ladan yo men ki pa limite ak, soupson abi, maladi ak patoloji ki ka transmèt, ak/oswa vaksinasyon ki bay. Mwen konprann yo ka rapòte enfòmasyon konsènan sante m yo jan lalwa prevwa sa si yo fè pati kategori rapò obligatwa yo.

Konsantman Jeneral Pasyan

Non Pasyan: _____ Dat Nesans: _____

Mwen sètifye mwen li enfòmasyon ki mansyone anwo yo e siyati m reprezante apwobasyon m bay dokiman sa oswa mwen otorize yon reprezantan ranpli l nan plas mwen. Yo ban mwen posibilite pou m pa aksepte nenpòt pati nan dokiman sa mwen pa dakò ak li.

Siyati Pasyan an_____
Dat_____
Lè

Si pasyan an se yon minè oswa li pa gen kapasite pou li siyen:

Siyati Reprezantan Legal la_____
Dat_____
Lè_____
Ekri Non Reprezantan Legal la ak Lèt Detache_____
Relasyon ak Pasyan

Konsantman Jeneral Pasyan

Enpòtan!

Nan CenterWell Senior Primary Care, li enpòtan pou yo trete w nòmman.

CenterWell Senior Primary Care (CenterWell) pa diskrimine oswa mete moun sou kote akòz ras yo, koulè yo, orijin yo, laj yo, andikap yo, sèks yo, oryantasyon seksyèl yo, idantite seksyèl yo, zansèt yo, estati yo oswa relijyon yo. Lalwa kont sa yo rele diskriminasyon an. CenterWell konfòm ak lwa Dwa Sivil Federal yo. Si w kwè te CenterWell te fè diskriminasyon kont ou, gen mwayen pou jwenn èd.

- Ou kapab pote plent, sa yo rele yon griyèf:
Griyèf Diskriminasyon, P.O. Box 14618, Lexington, KY 40512-4618
Si w bezwen èd pou pote plent, rele nan **1-877-320-2188** oswa si w ap itilize yon TTY, rele nan **711**.
- Ou ka pote yon plent dwa sivil nan **Ministè Sante ak Resous Imèn**, Biwo Dwa Sivil la anliy nan lyen ki mennen w nan sit yo a ki disponib nan <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>, or at **U.S. Department of Health and Human Services**, 200 Independence Avenue, SW, Room 509F, HHH Building, Washington, DC 20201, **1-800-368-1019, 800-537-7697 (TDD)**. Fòm pou pote plent yo disponib nan <https://www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html>.
- **Moun California yo**: Ou ka rele Depatman Asirans California a gratis nan nimewo li a: **1-800-927-HELP (4357)**, oswa pou depoze yon plent.

Asistans ak sèvis yo gratis epi disponib pou ou. **1-877-320-2188 (TTY: 711)**

CenterWell bay èd ak sèvis gratis, tankou entèprèt pou langaj an siy, entèpretasyon anliy nan videyo, ak enfòmasyon ki ekri nan lòt fòm pou moun ki gen andikap lè èd ak sèvis sa yo nesesè pou asire opòtinite pou tout moun patisipe egal ego.

Language assistance services, free of charge, are available to you. **1-877-320-2188 (TTY: 711)**

Español (Spanish): Llame al número arriba indicado para recibir servicios gratuitos de asistencia lingüística.

繁體中文 (Chinese): 撥打上面的電話號碼即可獲得免費語言援助服務。

Tiếng Việt (Vietnamese): Xin gọi số điện thoại trên đây để nhận được các dịch vụ hỗ trợ ngôn ngữ miễn phí.

한국어 (Korean): 무료 언어 지원 서비스를 받으려면 위의 번호로 전화하십시오.

Tagalog (Tagalog – Filipino): Tawagan ang numero sa itaas upang makatanggap ng mga serbisyo ng tulong sa wika nang walang bayad.

Русский (Russian): Позвоните по номеру, указанному выше, чтобы получить бесплатные услуги перевода.

Kreyòl Ayisyen (French Creole): Rele nimewo ki pi wo la a, pou resevwa sèvis èd pou lang ki gratis.

Français (French): Appelez le numéro ci-dessus pour recevoir gratuitement des services d'aide linguistique.

Polski (Polish): Abyskorzystać z bezpłatnej pomocy językowej, proszę zadzwonić pod wyżej podany numer.

Português (Portuguese): Ligue para o número acima indicado para receber serviços linguísticos, grátis.

Italiano (Italian): Chiamare il numero sopra per ricevere servizi di assistenza linguistica gratuiti.

Deutsch (German): Wählen Sie die oben angegebene Nummer, um kostenlose sprachliche Hilfsdienstleistungen zu erhalten.

日本語 (Japanese): 無料の言語支援サービスをご要望の場合は、上記の番号までお電話ください。

فارسی (Farsi)

Diné Bizaad برای دریافت خدمات زبانی بصورت رایگان با شماره فوق تماس بگیرید.

Navajo: W0dah7 b44sh bee hani7 bee wolta7g7 bich79' h0d7lnih 47 bee t'11 jiik'eh saad bee 1k1'1n7da'1wo'd66 nik1'adoowo[.

العربية (Arabic)

الرجاء الاتصال بالرقم المبين أعلاه للحصول على خدمات مجانية للمساعدة بلغتك

GCHJV5REN 0220